

**Enfòmasyon ak enstriksyon Direktè Minisipal la pou Aplikasyon Fon Soulajman Dezas yo: KOVID-19  
6 Avril 2020**

Fon pou Soulajman Dezas Direktè Minisipal la: Nou te resevwa donasyon pou (FON) KOVID-19 la pou bay tout moun ak tout fanmi nan Cambridge yo ki ap viv moman finansyèl difisil akòz kriz Koronavirus/KOVID-19 aktyèlman an. Ak fon sila yo, vil Cambridge vle asiste tout moun li kapab. Pi ba a nou bay esplikasyon kritè ki etabli pou elijibilite ak itilizasyon fon sila yo.

Nou mande tout moun ki aplike pou li enfòmasyon pi ba a. Seksyon 1 ak 2 dekri moun ki elijib yo epi poukisa yo ka itilize fon yo. Seksyon 3 bay enstriksyon aplikasyon an e ki enkli demach pou soumèt aplikasyon sou entènèt.

Rezidan yo dwe ranpli aplikasyon an sou entènèt oswa nan telefòn ak yon moun estaf la nan xxx. Pou sa k'ap aplike sou entènèt yo, wap ka jwenn yon lyen pou aplikasyon an anba nan fen dokiman sila a.

Remake ke nan plizyè sikonstans, anplwaye Vil la ap kapab ede ou nan ranpli aplikasyon an pa telefòn, telechaje dokiman sipòtè yo. Si li pa posib pou yon aplikan telechaje dokiman yo, anplwaye a pra'l travay ak aplikan an pou imel dokiman nesèsè yo oswa pote yo ale nan Bwatmel Peman ki lokalize dèyè Salon Vil la (Avni 795, Massachusetts.).

**Seksyon 1**  
**Kiyès ki elijib:**

**Kondisyon Elijibilite yo:**

- Aplikan yo dwe rezide Cambridge.
- Aplikan yo dwe lokatè Cambridge, oswa posede yon kay ki te achte a travè Pwogram Posesyonkay Abòdab nan Vil Cambridge la (City of Cambridge Affordable Homeownership Program)
- Revni aplikan yo ta dwe nan oswa pi ba 100% nan Zò Revni Medyan lan (Area Median Income, AMI) anvan pou pèdi oswa rediksyon revni akòz kriz Koronavirus/KOVID-19 lan.
- Aplikan yo dwe demontre yon pèt revni kòm yon rezilta kriz Koronavirus/KOVID-19 lan.

*Prèz Rezidans Cambridge la dwe demontre avèk **youn** nan dokiman swivan yo:*

- Yon foto idantifikasyon aktyèl avèk yon direksyon Cambridge.
- Yon kontra lwaye siyen, deklarasyon ipotèk, oswa akò lokatè siyen,
- Dokiman enskripsyon lekòl yon timoun ki depan de ou pou ane lekòl 2019-2020, oswa 2020-2021 an,
- Dokiman enskripsyon pwogram 2019 oswa 2020 nan yon pwogram Vil Cambridge la ki mande rezidans,
- De pyès lapòs ki gen so ak adrès rezidans ou nan Cambridge nan dènye 15 jou yo, OSWA
- Lòt dokiman valid tankou yon bòdwo sèvis piblik rezidans aplikan Cambridge lan nan dènye 30 jou yo oswa rejistreman otomobil aktyèl ak rezidans aplikan Cambridge lan.

*Prèz revni elijibilite a dwe demontre avèk **youn** nan dokiman swivan yo:*

- Yon revni taks retounen, 2019 (premye paj),
- Yon revni taks retounen, 2018 (premye paj) ak W-2 2019(yo)
- Yon revni taks retounen, 2018 (premye paj) ak fòmilè 2019, 1099, OSWA
- Yon Afidavit Konsènan revni 2019.

*Vil la pa mande nimero Sekirite Sosyal yo, sa vle di tanpri, efase yo oswa fè yon kwa sou yo avan ou soumèt.*

*Prèy pèt oswa rediksyon revni akòz KOVID-19 la, dwe demontre nan youn nan fason sa yo:*

- De fich peye, youn ki montre revni avan pèt oswa rediksyon revni an, ak youn ki montre pèt oswa rediksyon aprè sa epi ki gen dat aprè 1 Mas 2020,
- Yon lèt anlwayè ki endike chanjman nan revni ou akòz KOVID-19 lan,
- Yon avètisman fèmti biznis anlwayè aplikan an nan oswa aprè dat 1 Mas 2020,
- Yon deklarasyon Revni Depatman Massachusetts (Massachusetts Department of Revenue, DOR) ki montre rediksyon peman fanmiy oswa sipò pou timoun depi 1 Mas 2020,
- Yon afidavit pa fanmiy oswa founisè sipò pou timoun ki endike ke yo pa ka peye ou pou tèt KOVID-19 lan, OSWA
- Yon afidavit pou pwòp tèt ou ki demontre pèt revni ak salè yo, depi 1 Mas 2020.

*Aplikan ki aplike pou lwaye oswa ipotèk dwe bay **youn** nan dokiman swivan yo:*

- Fotokopi kontra-lwaye oswa kopi akò lokasyon,
- Fotokopi chèk lwaye anile ak tout enfòmasyon kont bankè ak kwa sou yo oswa fotokopi resi demand lajan,
- Afidavit siyen ki enkli siyati tou de aplikan yo epi, si li posib, mèl kontra-lwaye a ([telechaje afidavit lan la](#)), OSWA
- Deklarasyon ipotèk avèk si li aplikab tou, fotokopi fakti resan oswa peman pou frè kondominyòm.

*Aplikan ki aplike pou asistans sèvis piblik dwe bay dokiman swivan yo:*

- Yon bòdwo sèvis piblik pou rezidans aplikan Cambridge lan sòti nan mwa anvan dat aplikasyon pou chak sèvis piblik ke aplikan an ap chache asistans fon pou li.

(Remak: Afidavit wap bezwen yo, disponib pou telechaje nan aplikasyon an)

*Lòt enfòmasyon elijibilite enpòtan:*

- Vil Cambridge la PA mande nimewo sekirite sosyal yo pou aplike pou fon sila yo. Tanpri efase pase kwa sou nimewo sekirite sosyal yo nan nenpòt dokiman wap soumèt.
- Sitiyasyon imigrasyon pap konsidere pou detèmine elijibilite (egzanp rezidan san dokiman yo elijib).
- Yo ap mande tout aplikan yo pou bay foto yon dokiman pou prouve idantite yo.
- Vil la rezève dwa li pou mande aplikan yo plis enfòmasyon si gen ta gen bezwen pou asire entegrite pwogram nan.
- Rediksyon revni dwe enkli, men pa limite sou: rediksyon lè travay, pèt travay, pèt lòt sous revni (tankou rediksyon oswa pèt fanmiy oswa sipò pou timoun, oswa lòt dezòd revni ki enpòtan).
- Pèt revni pa enkli pèt revni envètisman.
- Lokatè yo dwe lokatè prensipal oswa ko-abitan yon inite.
- Moun ki rezide nan chanm inivèsite yo pa elijib pou fon sila yo.
- **Lokatè Otorite Kay Cambridge yo: tanpri fè klik isit** epi konplete resètifikasyon pwovizwa pou redwi pòsyon lwaye ou. Lòt moun yo ki viv nan kay sibvansyone oswa ki gen yon mobil/lokatè ki baze nan bonis ki pèmèt resètifikasyon pwovizwa dwe kontakte otorite lojman yo, ajans lojman oswa administrasyon konpayi yo. Lokatè sibvansyone yo **ki** elijib pou aplike pou lwaye pwovizwa

yo, pa aplike pou peman lwaye nan fon sila a men yo elijib pou aplike pou sèvis piblik ak/oswa asistans bezwen nan kay la.

- **Pou detèmine elijibilite revni ki baze nan kondisyon yo kote revni sa yo nan 100% Zòn Revni Medyan (Area Median Income, AMI) tanpri fè klik isit pou revize tablo AMI an.**

## **Seksyon 2**

### **Poukisa ou ka itilize fon yo:**

Yo pral atribiye fon espesyalman pou pèman lwaye oswa ipotèk ak/oswa peman sèvis piblik. Fon an ka disponib tou pou asiste ou ak lòt nesosite sa yo ki detaye pi ba a.

Pandan rezidan yo ka elijib pou 3 sou 4 kategori idantifye yo, yon peman maksimòm pou kay pral aplike; pa gen kay kap elijib pou plis ke yon peman jeneral de \$4,000 nan moman sila a.

#### ***Peman Lwaye yo:***

- Peman an ap fèt pou lwaye 1 mwa ki bout antre 10 Mas 2020 ak 15 Me 2020. Direktiv peman maksimòm yo pral aplike pa gwosè inite.
- Fon an pral fè mèt kay la peman lwaye yo dirèkteman oswa benefisyè apwopriye, si aplikab.

#### ***Peman Ipotèk yo***

- Peman an ap fèt pou 1 mwa ipotèk ki enkli taks yo, asirans oswa frè kondò ki bout antre 10 Mas 2020 ak 15 Me 2020 pou mèt rezidan nan pwogram posesyon kay Vil la sipòte yo. Direktiv peman maksimòm yo pral aplike pa gwosè inite.
- Peman an ap fèt pou pri 1 mwa lojman, ki enkli ipotèk, taks, asirans oswa frè kondò ki bout antre 10 Mas 2020 ak 15 Me 2020 pou mèt kay ki te achte nan pwogram posesyon kay abòdab Vil la yo. Direktiv peman maksimòm yo pral aplike pa gwosè inite.
- Peman ipotèk yo pral fèt dirèkteman bay kreditè a.

#### ***Peman Sèvis Piblik yo***

- Peman pou yon mwa pri sèvis piblik yo pral fèt baze nan yon bòdwo resan pou peman yo ki bout antre 10 Mas 2020 ak 15 Me 2020.

#### ***Fon pou Bezwen nan Kay la***

- Fon yo ka debouse pou bezwen ki gen relasyon nan lojman an. Yo pral aplike yon bouchon de \$250 pa moun ak yon maksimòm bouchon de \$1000 pou kay.

#### ***Lòt Enfòmasyon Enpòtan:***

Yon "fanmiy" oswa "ko-abitan" se 2 oswa plis manb kay la kote revni ak depans mete ansanmm ak/oswa yon kay kote manb yo gen rapò.

Yon "aplikan sèl" se yon moun ki viv poukont li oswa, yon moun kap viv nan yon sityasyon kolokasyon kote chak kolokatè pran responsabilite pou pòsyon endividyèl yo nan lwaye total la.

Fon pou Soulajman Dezas Direktè Minisipal la pa pou lwaye ki anreta, oswa peman sèvis piblik ki akimile anvan pèt revni akòz kriz Koronavirus/KOVID-19 lan. Si ou gen bezwen asistans pou lwaye tounen, oswa bòdwo sèvis piblik ou te dwe anvan 10 Mas 2020, tanpri kontakte 617-349-6340. Si ou gen bezwen asistans ipotèk, tanpri kontakte Divizyon Lojman (Housing Division) nan Depatman Devlopman Kominotè a (Community Development Department) nan 617-349-4634

Lwaye maksimòm oswa ipotèk k'ap peye yo pap ka plis ke sa aplikan ap peye chak mwa a epi li p'ap ka plis ke gwo kapasite inite swivan yo:

- Estidyo: \$2,450
- Yon chanm a dòmi: \$2,700
- De chanm a dòmi: \$3,300
- Twa oswa plis chanm a dòmi: \$4,000

**Tanpri remake-** Yon peman fon pou fon Soulajman Dezas Direktè Minisipal la (the Mayor's Disaster Relief Fund) pou KOVID-19, pou aplikan an, oswa pou yon lòt moun nan non yon aplikan, li pa revni pou aplikan an paske li kalifye tankou yon peman soulajman dezast anba U.S.C 26 139 (26 U.S.C), epi tou le de, dezast federal ak eta te deja deklare. Paske yon peman fon yo, pa revni, Vil la pap bay yon fòmilè 1099 pou yon peman. Si yon moun k'ap resevwa gen plis kesyon, moun k'ap resevwa dwe kontakte yon pwofesyonèl nan domèn taks.

### **Seksyon 3**

#### **Kòman residan ka aplike:**

Aplikan yo ap gen aksè lyen aplikasyon an pou ka aplike sou entènèt nan yon lyen pi ba a. Depi ou deja soumèt, estaf Vil la pral revize aplikasyon an epi aplikan yo pral resevwa yon aktyalizasyon imel sou sitiyo aplikasyon yo pandan li ap pwosese.

Aplikan yo ka aplike pandan yo rele 617-349-9797 Yon moun nan estaf la pral fè gwo efò pou tounen rele aplikan yo nan 2 jou travay pou asiste yo nan konpletisyon aplikasyon an pa telefòn. Yo ka kite mesaj yo an Anglè, oswa nan yon bwat mesaj vokal apa am Espanyòl, Kreòl Ayisyen, Chramik, Blangla, Chinwa, Ara, ak Pòtigè. Sipò anplwaye yo disponib nan chak nan lang sila yo.

#### **Kat etap debaz pou soumèt aplikasyon sila a:**

1. Konplete aplikasyon an
2. Telechaje dokiman sipòtè yo
3. Siyen ak dat Verifikasyon Deklarasyon an
4. Sove ak soumèt

#### **Etap 1: Konplete aplikasyon an:**

- Aplikan yo pral reponn tout espas obligatwa yo pou konplete aplikasyon an.
- Aplikan yo dwe sove travay epi rele pou asistans si gen bezwen.
- Pou revize direktiv revni yo ak detèmine nenpòt nan oswa [100% AMI an fè klik isit](#).

**Etap 2: Telechaje dokiman sipòtè yo: \*Vil Cambridge la PA mande nimewo sekirite sosyal yo. Se poutèt sa, anvan ou soumèt, tanpri asire'w ke ou redakte/bloke tout nimero sekirite sosyal kote yo parèt.**

Tout aplikan yo pral telechaje

- Yon fotokopi oswa foto idantifikasyon pou konfime idantite yo (identifikasyon an pa bezwen resan oswa gen yon adrès Cambridge pou objektif sila a).

Tout aplikan yo pral telechaje **YOUN** nan prèv swivan rezidans Cambridge sa yo:

- Yon foto idantifikasyon aktyèl avèk yon direksyon Cambridge,
- Yon kontra lwaye siyen, deklarasyon ipotèk oswa akò lokatè siyen,
- Dokiman enskripsyon lekòl yon timoun ki depan de ou pou ane lekòl 2019-2020, oswa 2020-2021 an,
- Dokiman enskripsyon pwogram 2019 oswa 2020 nan yon pwogram Vil Cambridge la ki mande rezidans,
- De pyès lapòs ki gen so ak adrès rezidans ou nan rezidans Cambridge ou nan dènye 15 jou yo, OSWA
- Lòt dokiman valid tankou yon bòdwo sèvis piblik ak rezidans Cambridge aplikan an nan dènye 30 jou yo oswa rejistreman otomobil aktyèl aplikan an ak rezidans Cambridge aplikan an.

Tout aplikan yo pral telechaje **YOUN** nan prèv elijibilite sa yo:

- Yon revni taks retounen, 2019 (premye paj). Tanpri redakte tout nimewo sekirite sosyal yo,
- Yon revni taks retounen, 2018 (premye paj) ak yon W-2 2019. Tanpri redakte tout nimewo sekirite sosyal yo, OSWA
- Yon revni taks retounen, 2018 (premye paj) ak yon fòmilè 2019 1099. Tanpri redakte tout nimewo sekirite sosyal yo.
- Yon afidavit ki konsènan ak revni 2019

Tout aplikan yo pral telechaje **YOUN** nan prèv de pèt revni akòz KOVID-19 lan.

- De fich peye, youn ki montre revni avan pèt oswa rediksyon revni an, ak youn ki montre pèt oswa rediksyon aprè sa epi ki gen dat aprè 10 Mas 2020.
- Yon lèt anlwayè ki endike chanjman nan revni ou akòz KOVID-19 lan.
- Yon avètisman fèmti biznis anlwayè aplikan an nan oswa aprè dat 10 Mas 2020.
- Yon deklarasyon DOR ki montre rediksyon sou sipò pou timoun depi le 10 Mas 2020.
- Yon afidavit yon fanmiy oswa founisè sipò pou timoun ki endike ke yo pa ka peye ou pou tèt KOVID-19 lan, OSWA
- Yon afidavit pou pwòp tèt ou ki demontre pèt revni ak salè yo, depi 10 Mas 2020.

(Remake: afidavit wap bezwen yo, disponib pou telechaje nan aplikasyon an)

**Aplikan yo kap aplike pou lwaye, ipotèk ak/oswa asistans sèvis piblik pral telechaje lòt dokiman ki konsènan sa yo ap aplike pou li an pi ba a:**

Aplikan yo pral telechaje **YOUN** nan dokiman swivan yo pou asistans lwaye oswa ipotèk:

- Fotokopi kontra-lwaye oswa kopi akò lokasyon oswa akò lokatè,

- Fotokopi chèk lwaye anile ak tout enfòmasyon kont bankè ak kwa sou yo oswa fotokopi resi demand lajan, oswa
- Afidavit siyen ki enkli siyati aplikan an, si li posib, mèt kontra-lwaye a ([telechaje afidavit lan la](#)), [OSWA](#)
- Deklarasyon ipotèk avèk si li aplikab tou, fotokopi fakti resan oswa peman pou frè kondominyòm.

Aplikan yo pral telechaje dokiman swivan yo pou asistans sèvis piblik:

- Yon bòdwo sèvis piblik aktyèl pou rezidans aplikan Cambridge lan sòti nan mwa anvan dat aplikasyon pou chak sèvis piblik ke aplikan an ap chache asistans fon pou li.

### **Etap 3:**

Sètifikasyon pou Enfòmasyon ki te Bay:

Après konpletisyon Aplikasyon an, Aplikan a pral siyen elektwonikman sètifikasyon swivan an:

**Anba doule ak penalite fo temwanyaj, Mwen sètifye ke tout enfòmasyon nan fòmilè sila se verite epi egzat. Mwen bay vil Cambrigde pèmi tou pou verifye tout enfòmasyon mwen te bay yo. Adisyonèlman, mwen asepte ke tout kote siyati mwen enkli nan Aplikasyon sila a, ki enkli siyati mwen nan nenpòt afidavit yo, nenpòt si li se yon fotokopi siyati mwen ki te eskane, yon foto siyati orijinal mwen, oswa yon siyati elektwonik ki te endike pa tape nonm, siyati mwen gen menm fòs ak efè tankou se te siyati orijinal manyèl mwen.**

Si Aplikasyon an te ranpli ak asistans yon manb estaf Vil la nan telefòn, manb estaf Vil la pral li a wot vwa nan telefòn nan lang nenpòt afidavit nesèsè epi li ap konplete afidavit yo son non Aplikan an. Aprè sa, manb estaf Vil la pral voye nan imel fotokopi nenpòt afidavi nesèsè bay Aplikan an, epi Aplikan an pral reponn imel nan kote lap deklare ke Aplikan an otorize estaf Vil la pou siyen nan non Aplikan an.

Si Aplikasyon an konplete ak asistans yon manb estaf Vil la nan telefòn, manb estaf vil la pral voye yon imel bay Aplikan an tou ak sètifikasyon piwo a, epi Aplikan an pral reponn imel lan kotel lap deklare ke Aplikan an aksepte enfòmasyon pi wo yo epi otorize estaf Vil la pou siyen nan non Aplikan an.

Estaf vil la pral voye imel konfimasyon Aplikan sa yo epi kole yo nan Aplikasyon an.

Si aplikan pa kapab resevwa imel oswa reponn pa imel, yon anplwaye Vil la pra'l li enfòmasyon yo mande a pou aplikan an ki ka ekri afidavit la a la men voye'l swa pa la pòs pou Fon Soulajman Dezast Direktè Minisipal la (Mayor's Disaster Relief Fund), c/o Michelle Kincaid, Avni 795 Mass, Cambridge MA 02139, oswa depoze nan Bwatmel Peman an dèyè Salon Vil la. Yo pra'l eskaneriza dokiman an epi telechaje li nan aplikasyon an.

### **Etap 4:**

Aplikan yo pral sove ak soumèt.

Aplikasyon yo pral resevwa yon imel rekonesans kote Fon an resevwa aplikasyon yo an. Aprè sa, Fon an pral notifiye aplikasyon yo si aplikasyon prime oswa refize. Refi pa ka soufri apèl. Si yon aplikasyon prime, notifikasyon prime a pral endije kantite total la epi pou ki objektif prim nan te fèt.

Bay: 12 Avril 2020